



SUPPORT OUR PRIESTS THIS CHRISTMAS

Anons Lamès yo

Twazyèm Dimanch Lavan

11/12 Desanm

Chak Nwèl, koleksyon pawas nou an benefisye Clergy Trust (Fon Klèje) ki okipe li de sante ak byennèt prèt aktif ak dyosezyen nou yo ki an règ. Lè w sipòte koleksyon Nwèl la, ou ka montre apresyasyon ou pou prèt yo ki kontinye bati kominote ki pi solid pou tout moun atravè ministè yo. Gade bilten semèn sa a pou fason ou kapab fè kado w la jodi a.

Katryèm Dimanch Lavan

18/19 Desanm

Koleksyon Nwèl k ap vini an pral benefisye Clergy Trust (Fon Klèje) ki pran swen sante ak byennèt tout prèt dyosèz ki an règ. Kesewa nan kominote pawas nou yo oswa nan kominote a an jeneral, prèt nou yo ap fè yon diferans chak jou. Si ou kapab, tanpri konsidere yon kado jenere pou koleksyon Nwèl la ane sa a. Mèsi alavans.

Nativite Seyè a

24/25 Desanm

Koleksyon jodi a pral benefisye Clergy Trust (Fon Klèje) pou yo ka kontinye pran swen sante ak byennèt prèt dyosèz mèveye nou yo ki an an règ. Lè w sipòte koleksyon sa a, w ap ede prèt aktif nou yo resevwa sipò yo bezwen pou kontinye ministè yo, epi prèt aje nou yo ap viv nan kominote a ak aksè a bon jan kalite swen. Koleksyon sa a se yon sous prensipal finansman pou Trust la ak jenewozite ou apresye anpil. Mèsi paske w ap ede sipòte prèt nou yo pou Nwèl sa a.

LAPRIYÈ FIDÈL YO

POU LAMÈS KOLEKSYON FEN SEMÈN SÈLMAN

Pou sante ak byennèt tout prèt aktif ak aje nou yo ki an règ pandan ke y ap sèvi nou san pran souf ak dezenteresman. Ke yo ka kontinye ranfòse kominote nou yo, eke yo konnen apresyasyon nou pou tout sa ke yo fè pou anrichi lavi nou ak lavi anpil lòt moun.

Epifani Seyè a

1/2 Janvyè

Nan non prèt nou yo ki an règ, mèsi pou sipò ou a koleksyon Nwèl Clergy Trust (Fon Klèje) a. Si ou te rate koleksyon an, ou ka toujou fè yon kado. Gade bilten semèn sa a pou fason ou ka fè donasyon jodi a.